

[Ekri Non Konpayi Lojman an¹]

Avi Konsènan Dwa Pou Rete Nan Yon Kay sou Lwa Konsènan Vyolans Kont Fanm nan²

Pou tout Lokatè ak Aplikan

Lwa Konsènan Vyolans Kont Fanm nan (Violence Against Women Act, VAWA) bay pwoteksyon pou viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa, asèlman. Pwoteksyon VAWA yo pa sèlman disponib pou fanm, men yo disponib pou tout moun kèlkeswa sèks li, ak ki sèks li idantifye tèt li, oswa oryantasyon seksyèl li.³ Depatman Lojman ak Devlopman Iben (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) se ajans federal ki siveye pou wè si **[mete non pwogram oswa asistans ak lokasyon an la a]** konfòm ak VAWA. Avi sa a eksplike dwa ou genyen anba VAWA. Gen yon fòm sètifikasyon HUD te apwouve ki vini ak avi sa a. Ou ka ranpli fòm sa a pou montre ou se yon viktim, oswa ou te yon viktim, vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman, epi ou vle ekzekite dwa ou sou VAWA."

Pwoteksyon pou Aplikan yo

Si ou gen lòt bagay ki fè ou kalifye pou asistans sou **[mete non pwogram oswa asistans ak lokasyon an]**, yo pa ka refize aksepte ou oswa refize ba ou asistans paske ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa, asèlman.

¹ Avi sa a itilize HP pou konpayi lojmanYO men konpayi lojman an sipoze ranplase li ak non pa li tout kote nou mete HP. Regleman ki espesyalman pou sèten pwogram HUD idantifye moun oswa enstitisyon ki responsab pou bay avi sou dwa pou rete nan yon kay.

² Malgre non lwa sa a, VAWA ofri pwoteksyon pou tout moun kèlkeswa sèks li, ak ki sèks li idantifye tèt li, oswa oryantasyon seksyèl li.²

³ Konpayi ki bay lojman yo pa kapab fè diskriminasyon ki baze sou okenn nan gwoup pwoteje yo, epi sa gen ladan ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, sitiyoasyon famiyal, andikap, oswa laj. Lojman ki resevwa asistans oswa asirans HUD ki sipoze disponib pou tout tou moun ki kalifye kèlkeswa oryantasyon seksyèl moun, si yo idantifye yo kòm fanm oswa gason, oswa si yo marye ou pa.

Pwoteksyon pou Lokatè yo

Si w ap resevwa asistans sou **[mete non pwogram oswa asistans ak lokasyon an]**, yo pa ka refize ba ou asistans, retire ou nan pwogram nan, oswa mete ou deyò nan lojman lokasyon ou a paske ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman.

Epitou, yon moun ki asosye ak ou se yon viktim, oswa te yon viktim, vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman yon moun ki rete lakay ou oswa yon moun ki t ap vizite lakay ou, yo pa gen dwa refize ou asistans pou lokasyon oswa dwa pou rete lakay ou sou **[mete non pwogram oswa asistans ak lokasyon an]** sèlman poutèt aktivite kriminèl ki asosye dirèkteman ak vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman sa a.

Yon moun ki asosye ak ou se mari oswa madanm, paran, frè, sè, oswa pitit, oswa yon moun ki ou jwe wòl paran oswa responsab legal li (pa egzanp, moun ki asosye ak ou a se yon moun w ap bay swen, ou gen gad legal, oswa kontwòl li); oswa nenpòt moun, lokatè, osa moun ki gen dwa legal pou rete lakay ou a.

Pou Retire Abizè oswa Moun Ki Komèt Krim nan Kay la

HP ka divize (separe) kontra lwaye ou a pou mete moun nan deyò oswa koupe asistans moun ki te komèt zak kriminèl la (abizè oswa moun ki komèt krim nan) ki asosye dirèkteman ak vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman an.

Si HP chwazi retire abizè a oswa moun ki komèt krim nan, HP pa gen dwa retire dwa yon lokatè ki kalifye pou rete nan apatman an oswa itilize okenn lòt mwayen pou pini moun yo ki nan kay la. Si abizè a oswa moun ki komèt krim nan te sèl lokatè ki te kalifye pou asistans sou pwogram nan, HP oblije kite lokatè a ki se, oswa ki te, viktim nan ak lòt moun ki nan kay la rete la pou yon ti tan, pou yo kapab detèmine si yo kalifye sou pwogram nan oswa sou yon lòt pwogram lojman HUD ki kouvri sou VAWA, oswa, jwenn yon lòt kote pou rete.

Pou retire abizè oswa moun ki komèt krim nan kay la, HP dwe swiv pwosesis Federal, eta, ak lokal pou mete yon moun deyò nan yon kay. Pou divize yon kontra lwaye, HP kapab mande ou dokimantasyon oswa sètifikasyon ensidans vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman an te rive, men li pa oblije mande ou.

Deplase ou nan yon lòt Apatman

Si ou mande sa, HP kapab kite ou deplase nan yon lòt apatman, depi gen apatman ki disponib, epi w ap kontinye resevwa asistans ou. Pou apwouve yon demann, HP kapab mande ou dokimantasyon oswa sètifikasyon ensidans vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman an te rive. Si demann lan se yon demann pou transfè an ijans, konpayi lojman an kapab mande pou ou soumèt yon demann alekri oswa ranpli yon fòm kote ou sètifye ou satisfè kondisyon pou yon transfè sou VAWA. Kondisyon yo se:

(1) Ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman. Si konpayi lojman ou an pa deja gen dokimantasyon ki pwouve ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman, konpayi lojman ou gen dwa mande pou dokimantasyon sa yo, jan sa dekri nan seksyon dokimantasyon ki dekri anba a.

(2) Ou presize w ap mande yon transfè an ijans. Konpayi lojman ou a an kapab chwazi pou egzije ou soumèt yon fòm, oswa li kapab aksepte yon lòt demann alekri oswa aloral.

(3) Ou gen yon bon rezon pou kwè gen menas pou ou viktim plis vyolans si ou toujou kote ou rete a. Sa vle di ou gen yon rezon ki fè ou pè si ou pa resevwa yon transfè w ap soufri plis vyolans nan jou k ap vini yo.

OSWA

Ou se yon viktim vyòl, vyòl la te rive sou pwopriyete ou rete a, epi pòko gen plis pase 90 jou apre vyòl la lè ou mande yon transfè. Si ou se yon viktim vyòl, non sèlman pou kalifye pou yon transfè an ijans paske ou gen yon bon rezon pou kwè gen menas pou ou viktim plis vyolans si ou rete kote ou abite a, ou kapab kalifye pou yon transfè an ijans si moun nan te vyole ou sou pwopriyete ou vle kite epi vyòl la te rive nan pi piti pase 90 jou avan ou te mande transfè a.

HP ap kenbe demann pou transfè an ijans viktim, vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman yo ak nenpòt deplasman viktim sa yo ak fanmi yo konfidansyèl.

Plan transfè an ijans HP a bay plis enfòmasyon sou transfè an ijans, epi HP dwe mete yon kopi plan transfè an ijans li yo disponib si ou mande wè li.

Jan Pou Dokimante ou se yon Viktim, oswa tou te yon Viktim Vyolans Domestik, Vyolans an Moun ki Renmen, Vyòl, oswa Asèlman

HP kapab mande pou ou bay dokimantasyon pou “sètifye” ou se yon viktim, oswa ou te yon viktim, vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman, men yo pa oblije fè sa. HP oblije fè demann sa a alekri, epi HP dwe ba ou omwen 14 jou travay (Samdi, Dimanch, ak jou ferye Federal yo pa konte) apre dat ou resevwa demann nan pou bay dokimantasyon sa a. HP kapab pwolonje delè pou soumèt dokimantasyon yo, men yo pa oblije fè sa.

Ou ka bay youn nan bagay sa yo bay HP kòm dokimantasyon. Ou gen dwa deside kiyès nan yo pou ou soumèt si HP mande pou ou bay dokimantasyon pou montre ou se yon viktim, oswa ou te yon viktim, vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman.

- Yon fòm sètifikasyon HUD apwouve HP ba ou ak avi sa a, ki dokimante ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman. Fòm nan pral mande w pou

non ou, dat, lè ak kote ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman la te rive ak yon deskripsyon ensidan an. Fòm sètifikasyon an bay yon kote pou mete non abizè a osa moun ki komèt krim nan si ou konnen non abizè a oswa moun ki komèt krim nan epi li pa yon danje pou ou bay li.

- Yon dosye yon ajans lapolis, tribinal, oswa ajans administratif nan nivo Federal, Eta, tribal, teritoryal, oswa lokal ki dokimante ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl oswa asèlman. Kèk egzanp sou dosye sa yo gen ladan rapò lapolis, lòd pwoteksyon, lòd tribinal, ak plis toujou.
- Yon deklarasyon, ou sipoze siyen, epi ki gen siyati yon anplwaye, ajan, oswa volontè kote yo ofri sèvis pou viktim, yon avoka, oswa pwofesyonèl medikal, oswa yon pwofesyonèl sante mantal (ki rele ansanm, "pwofesyonèl") ou t al chèche asistans pou vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, moun k ap swiv ou, oswa efè abi a, epi kote pwofesyonèl ou chwazi a deklare sou penalite pou fo enfòmasyon li kwè ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman yo se yon rezon pou pwoteksyon ou.
- Nenpòt lòt deklarasyon oswa prèv HP te dakò aksepte.

Si ou pa bay, oswa ou refize bay, youn nan dokiman sa yo nan 14 jou travay, HP pa oblije ba ou pwoteksyon ki mansyone nan avi sa a.

Si HP ta resevwa prèv ki an konfli konsènan yon ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman te fèt (tankou fòm sètifikasyon nan men de oswa plis moun ki abite nan kay la k ap deklare yo se yon viktim oswa ki lonmen non youn oswa plis lòt moun ki di yo viktim nan kay la kòm abizè oswa moun ki te komèt krim nan), HP gen da pou mande ou bay dokiman yon kote endepandan nan yon espas 30 jou pou rezoud konfli a. Si ou pa bay, oswa ou

refize bay, youn nan dokiman kote endepandan sa yo, HP pa oblije ba ou pwoteksyon ki mansyone nan avi sa a.

Konfidansyalite

HP dwe kenbe konfidansyèl nenpòt enfòmasyon ou bay konsènan dwa ou sou VAWA, tankou w ap egzèse dwa ou sou VAWA.

HP pa sipoze kite okenn moun k ap jere asistans oswa lòt sèvis pou HP (pa egzanzp, anplwaye oswa moun k ap travay sou kontra) gen aksè nan enfòmasyon konfidansyèl amwenske rezon yo bezwen enfòmasyon sa yo amwenske gen rezon pou moun sa yo gen aksè nan enfòmasyon sa a sou lawa Federal, Eta, oswa lokal.

HP pa dwe antre nan enfòmasyon ou nan nenpòt bazdone pataje oswa pataje enfòmasyon ou ak okenn lòt enstitisyon oswa moun. Men, HP kapab pataje enfòmasyon yo resevwa yo si:

- Ou bay pèmision alekri bay HP pou pataje enfòmasyon yo pandan yon tan limite.
- HP bezwen itilize enfòmasyon yo pou mete abizè oswa moun ki komèt krim nan deyò oswa anile kontra li a, oswa pou koupe asistans li nan pwogram sa a.
- Yon lwa mande pou HP oswa pwopriyetè kay la yo pataje enfòmasyon an.

VAWA pa limite devwa HP pou respekte lòd tribinal konsènan aksè oswa kontwòl pwopriyete a. Sa a gen ladan lòd pou pwoteje yon pwopriyete viktim ak lòd pou divize pwopriyete ant moun ki rete nan kay la nan ka kote yon fanmi bezwen separe.

Rezon yon yo kapab mete yon Lokatè ki Kalifye Pou Abite nan yon Kay sou VAWA deyò oswa Koupe Asistans li

Yo kapab mete ou deyò oswa koupe asistans ou si ou kontinye vyole kontra kay la yon fason grav ki pa gen rapò ak vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, ak asèlman yo te fè

kont ou. Men, HP pa ka mete règ ki pi sevè pou lokatè ki te viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, ak asèlman yo pase règ pou lokatè ki pa te viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, ak asèlman.

Pwoteksyon yo ki dekri nan avi sa a kapab pa gen pou wè ak sitiyasyon pa ou a, epi yo kapab mete ou deyò oswa koupe asistans ou, si HP kapab montre si yo pa mete ou deyò oswa koupe asistans ou sa p ta p prezante yon gwo danje fizik:

- 1) Ki t ap rive nan jou k ap vini yo, epi
 - 2) Ki te kapab lakòz lòt lokatè oswa moun k ap travay sou pwopriyete a mouri oswa blese anpil.
- Si HP kapab montre sa ki mansyone anwo a kapab rive vre, HP dwe koupe asistans ou oswa mete ou deyò sèlman si pa gen okenn lòt bagay yo te kapab fè pou redwi oswa elimine menas la.

Lòt Lwa

VAWA pa ranplase nenpòt lwa Federal, Eta, oswa lokal ki bay pi gwo pwoteksyon pou viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman. Ou ka gen dwa pou jwenn plis pwoteksyon lojman pou viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa swiv anba lòt lwa Federal, ak anba lwa Eta ak lokal tou.

Non-Konfòmite ak Kondisyon Avi sa a

Ou kapab deklare sa si yon konpayi lojman ki kouvri vyole dwa sa yo epi chèche plis asistans, si ou bezwen. Pou fè sa kontakte oswa depoze yon plent ak **[mete enfòmasyon pou nenpòt entèmedyè, si genyen]** oswa **[mete biwo rejyonal HUD la]**.

Pou Plis Enfòmasyon

Ou kapab jwenn yon kopi final règ VAWA a nan **[mete lyen Rejis Federal la]**.

An plis, HP gen obligasyon pou li kenbe yon kopi regleman VAWA HUD yo disponib pou ou si ou mande pou wè yo.

Pou kesyon konsènan VAWA, tanpri kontakte **[mete enfòmasyon pwogram oswa asistans lokasyon ki kapab reponn kesyon sou VAWA yo]**.

Si ou ta renmen jwenn èd pou yon relasyon kote y ap abize ou, ou kapab rele Liy Dirèk Nasyonal Pou Vyolans Domestikla (National Domestic Violence Hotline) nan 1-800-799-7233 oswa, pou moun ki gen pwoblèm pou tande 1-800-787-3224 (TTY). Epi tou ou ka kontakte **[Mete enfòmasyon kontak pou òganizasyon ki apwopriye yo]**.

Pou lokatè ki se viktim, oswa ki te viktim, asèlman k ap chèche èd yo kapab ale sou Sant Resous Nasyonal Pou Viktim Asèlman an (National Center for Victims of Crime's Stalking Resource Center) nan <https://www.victimsofcrime.org/our-programs/stalking-resource-center>.

Pou èd konsènan vyòl, ou kapab kontakte **[Mete enfòmasyon kontak pou òganizasyon ki apwopriye yo]**

Moun ki bezwen èd paske y ap asele yo kapab kontakte **[Mete enfòmasyon kontak pou òganizasyon ki apwopriye yo]**.

Sa ki kole ak dokiman sa a: Fòm sètifikasyon HUD-5382 **[ou sipoze mete fòm ki apwouve pou pwogram sa a]**

Pou Enfòmasyon Adisyonèl

Si ou santi w refize dwa ou yo oswa anba VAWA a, ou dwe kontakte NY Homes and Community Renewal (HCR) nan (518-474-9583).

Pou èd konsènan yon relasyon abizif, ou ka rele Liy Dirèk Nasyonal Vyolans Domestik nan 1-800-799-7233 oswa, pou moun ki gen pwoblèm tande, 1-800-787-3224 (TTY).

Pou lokatè ki oswa ki te viktim asèlman k ap chèche èd ka vizite Sant Resous sou Asèlman Kriminèl nan Sant Nasyonal Zak Kriminèl nan. <https://www.victimsofcrime.org/our-programs/stalking-resource-center>.

HCR te kreye tou lis founisè sèvis lokal HCR VAWA nan òganizasyon lokal yo, tankou founisè sèvis lojman ak legal, ki sipòte moun ki viktim vyolans domestik oswa ki te disponib nan <https://hcr.ny.gov/system/files/documents/2018/11/hcrvawaresourcelist.pdf>

Ou ka wè yon kopi règ final VAWA HUD la nan <https://www.federalregister.gov/documents/2016/12/06/2016-29213/violence-against-women-reauthorization-act-of-2013-implementation-in-hud-housing-programs-correction>.

Anplis de sa, mèt kay la dwe fè yon kopi règleman HWA VAWA a disponib pou ou si ou mande yo wè yo.

Atachman: Fòm Sètifikasyon HUD-5382